

<https://attorneygeneral.delaware.gov/criminal/units/domesticviolence/>

## **Vyolans Domestik**

Vyolans domestik pa yon menas kache pou fanmi nan nasyon nou an ankò. Jodi a, moun yo pale de krim vyolans domestik sou televizyon, nan jounal yo, ak nan magazen yo tout tan. Lefèt ke moun ap pale sou li, sepandan, pa te fè li ale. Dapre F.B.I. la, youn sou chak de fanm nan peyi sa a pral nan yon relasyon abizif nan lavi li. Moun yo ap soufri chak jou nan men yon moun yo renmen. Bwochi ak enfòmasyon yo jwenn anba a yo eksplike kèk nan kesyon moun genyen sou vyolans domestik.

### **Mwa pou w sonje yo**

#### **Janvye**

Mwa Nasyonal sou Sansibilizasyon sou Asèlman

#### **Fevriye**

Mwa Nasyonal sou Sansibilizasyon ak Prevansyon Vyolans sou Relasyon Amourez Adolesan yo

#### **Avril**

Mwa Nasyonal sou Sansibilizasyon sou Atak Seksyèl

#### **Oktòb**

Mwa sou Sensibilizasyon sou Vyolans Domestik

---

## **Enfòmasyon ki Itil**

### **Diferan Kalite Vyolans Domestik:**

- Fizik: Tout fòm atak ki fèt kont yon konjwen/yon lòt pwòch, timoun oswa animal domestik
- Seksyèl: Tout fòm patisipasyon nan aktivite seksyèl san konsantman se abi menm si moun nan marye/patnè entim
- Emosyonèl: Sèvi ak emosyon kòm yon zam pou gen pouvwa oswa kontwòl sou konjwen/patnè entim
- Ekonomik: Sèvi ak lajan pou kenbe konjwen/ lòt pwòch san fòs finansyèman.

### **Etap Vyolans Domestik:**

- Etap fòmasyon tansyon an: Agresè a vin de pli zan pli strese epi fache. Viktim nan rann tèt li responsab pou chagren agresè a. Agresè a vin abizif vèbalman, epi li ka fè kèk abi fizik minè oswa li ka detwi byen pèsonèl viktим nan.
- Etap eksplozif: Vvolans agresè a san kontwòl e li pa an pwopòsyon ak sitiayson an. Moun ki eseye ede viktим nan ka an danje tou pandan etap sa a.
- Etap lin de myèl: Agresè a mande viktим nan eskiz, epi li sanble vrèman regrèt pou atak la. Souvan, agresè a ap pwomèt ke vyolans la p ap janm rive ankò. Sa ka pafwa lakòz viktим nan reyini ak moun ki agresè a. Malgre pwomès agresè a pandan etap lin de myèl la, san èd ni nan men konseye ni lòt sous deyò.

### **ANYEN p ap anpeche vyolans lan rekòmanse.**

Vvolans domestik lan detwi tou dousman lavi tout moun ki enplike nan yon relasyon vyolan: agresè a, viktим nan, ak timoun yo. Si w se yon viktим vyolans domestik, ou ka jwenn èd. Tanpri ou pa bezwen pè mande.

### **KISA POU W FÈ SI OU PANSE YO AP ABIZE YON MOUN OU KONNEN**

- Si w tande bri vyolans, rele lapolis. Pa mete tèt ou an danje oswa pa tann pou sitiayson an rezoud tèt li.
- Bay viktим yo sisipèk la nimewo telefòn yon abri lokal oswa sèvis konsèy ak sipò yo an kachèt. Ou ka di ke w ap pase yo bay tout moun ou konnen.
- Ofri sipò ou. Anpil viktим ka santi yo izole, pè, ak/oswa fache. Li ka bon lè w konn koute.

### **KISA POU W PA FÈ SI OU PANSE YO AP ABIZE YON MOUN**

- Pa eseye separe goumen an. Kite travay lapolis pou lapolis. Rele 911.
- Pa batay ak agresè a. Olye de sa, ankouraje viktим nan rele pou mande sekou.
- Pa kouri tire konklizyon sou rezon ki fè yon viktим ka rete nan yon relasyon. Pa gen moun ki renmen lè y ap abize yo. Li souvan pran anpil tan pou yon viktим ale.
- Pa ofri yon viktим vyolans domestik pou w kite l rete lakay ou san w pa reflechi sou sa anvan. Ou ka petèt mete pwòp fanmi pa ou an danje. Ofri pou ede fè yon viktим jwenn yon abri pito

### **Èske M ap Sibi Abi? (Kesyonè)**

Li kesyon sa yo. Reflechi sou fason yo trete w ak fason ou trete patnè w la. Sonje byen, lè yon moun fè lòt moun nan pè, blese oswa toujou ap rabese lòt moun nan, se abi.

Èske patnè ou a...

- \_\_\_\_ Fè w wont oswa pran plezi sou ou devan zanmi w oswa fanmi w?
- \_\_\_\_ Minimize reyalizasyon ou oswa objektif ou?
- \_\_\_\_ Fè ou santi ou pa kapab pran desizyon?
- \_\_\_\_ Sèvi ak entimidasyon oswa menas pou w ka obeyi?
- \_\_\_\_ Di ou ke ou pa anyen san yo?

- \_\_\_\_ Trete w ak britalite - pwan w, pouse w, zongle w, bouskile w oswa frape w?
- \_\_\_\_ Rele ou plizyè fwa yon nuit oswa parèt pou asire l ke ou kote ou te di ou tap ye a?
- \_\_\_\_ Sèvi ak dwòg oswa alkòl kòm yon eskiz paske li te di bagay ki fè w mal oswa paske li te abize w?
- \_\_\_\_ Blame ou pou jan yo santi yo oswa aji?
- \_\_\_\_ Fè presyon sou ou seksyèlman pou bagay ou pa pare pou yo?
- \_\_\_\_ Fè ou santi tankou "pa gen okenn wout soti" nan relasyon an?
- \_\_\_\_ Anpeche w fè bagay ou vle - tankou pase tan ak zanmi w oswa fanmi w?
- \_\_\_\_ Eseye anpeche ou soti apre yon batay oswa kite ou yon kote apre yon batay pou "ba ou yon lesson"?

Èske ou...

- \_\_\_\_ Santi w pè pafwa sou fason patnè w ap aji?
- \_\_\_\_ Toujou ap prezante eskiz bay lòt moun pou konpòtman patnè ou a?
- \_\_\_\_ Kwè ke ou ka ede patnè ou chanje si sèlman ou chanje yon bagay nan tèt ou?
- \_\_\_\_ Eseye pa fè anyen ki ta lakòz konfli oswa fè patnè w la fache?
- \_\_\_\_ Toujou ap fè sa patnè ou vle ou fè olye de sa ou vle?
- \_\_\_\_ Rete avèk patnè ou paske ou pè sa patnè ou ta ka fè si ou kite l?

Si youn nan sa yo ap pase nan relasyon ou, pale ak yon moun. San kèk èd, abi a ap kontinye.

### Bwochi sou Vyolans Domestik

#### Anyè pou Sevis Viktim yo